**दिन– सोमवार** **दिनांक–09.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे एक सय चालीस करोड़ भारतीय लोकनिक आर्शीवाद आ सामूहिक भागीदारी सँ देश पछिला एगारह वर्ष मे विभिन्न क्षेत्र मे तेजी सँ परिवर्तन देखलक अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ कहलनि जे **सबका साथ सबका विकास सबका विश्वास आ सबका प्रयास** के सिद्धांत सँ प्रेरित भऽकऽ एनडीए सरकार गति, पैमाना आ संवेदनशीलता के संग महत्वपूर्ण बदलाव कयलक अछि। श्री मोदी कहलनि जे एहि दरमियान आर्थिक विकास सँ लऽकऽ सामाजिक उत्थान धरि समावेशी आ सर्वांगीण विकास पर ध्यान केन्द्रित कयल गेल अछि। प्रधानमंत्री लोक सभ के भारतक विकास यात्रा के जानबाक लेल नमो ऐप पर उपलब्ध वीडियो, इंफोग्राफिक्स आ आलेख जकां विधा के माध्यम सँ जुड़बाक लेल आमंत्रित कयलनि अछि।

---

भाजपा अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री जे.पी. नड्डा कहलनि अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्वबला सरकार कार्य प्रदर्शन के राजनीति आनि कऽ आ जिम्मेवार आ जवाबदेही के सरकार दऽकऽ देशक राजनीतिक संस्कृति के बदलि देलनि अछि। मोदी सरकारक एगारह वर्ष पूरा भेला पर नव दिल्ली मे एक संवाददाता सम्मेलन के संबोधित करैत श्री नड्डा कहलनि जे सरकार देशक पुरान राजनीतिक परिदृश्य के बदलि कऽ एक नव मानदण्ड स्थापित कयलक अछि। ओ कहलनि जे पहिने के राजनीति सदिखन सत्ता के बचौने राखबाक उदेश्य सँ तुष्टीकरणक रणनीति सँ प्रेरित रहैत छल। श्री नड्डा एनडीए सरकार के एक प्रभावी सरकार जनबैत कहलनि जे ई सरकार साहसिक निर्णय लेबा मे सक्षम अछि। श्री नड्डा कहलनि जे पछिला एगारह वर्ष मे मोदी सरकार विकसित भारत बनेबाक आधार राखलनि अछि।

---

विकसित कृषि संकल्प अभियानक अंतर्गत बिहार मे एखन धरि तीन लाख तेरासी हजार किसान लोकनिक संग कृषि वैज्ञानिक लोकनि संवाद कयलनि अछि। कृषि प्रौद्योगिकी अनुप्रयोग अनुशंधान संस्थानक निदेशक डॉक्टर अंजनी कुमार जनौलनि जे पछिला एगारह

दिन मे राज्यक विभिन्न क्षेत्र सभ मे तीन हजार सात सय शिविर आयोजित कयल गेल। सैंतालीस कृषि विज्ञान केन्द्रक मददि सँ वैज्ञानिक लोकनिक एक सय तीन टीम किसान संवाद मे भाग लऽकऽ किसान लोकनिक समस्या के समाधान कयलनि।

———————————————————————

सीवान जिलाक जसौली गाम मे बीस जून के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के प्रस्तावित जनसभा के सफल बनेबाक लेल एनडीए के प्रमंडल स्तरीय बैसक आयोजित कयल गेल। बैसक मे सभ घटक दल के वरिष्ठ नेता लोकनि सम्मिलित भेलाह। भाजपा के प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल कहलनि जे एगारह वर्षक अपन कार्यकालक दरमियान प्रधानमंत्री के ई बिहारक धरती पर बावनम जनसभा होयत। ओ कहलनि जे अपन एहि दौरा के क्रम मे प्रधानमंत्री बिहारवासी लोकनि के कतेको उपहार देताह।

———————————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ लोकसभा मे नेता प्रतिपक्षक राहुल गांधी द्वारा महाराष्ट्र विधानसभा चुनाव मे धांधली के आरोप पर भाजपा आ जदयू अपन कड़गर प्रतिक्रिया व्यक्त कयलक अछि। भाजपा प्रवक्ता सैयद शाहनवाज हुसैन कहलनि अछि जे राहुल गांधी अपन आ अपन पार्टी के विफलताक दोष चुनाव आयोग पर मढ़ि रहल छथि। ओतहि, जदयू के वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह कहलनि जे बिहार विधानसभा चुनाव सँ पहिनहिं राहुल गांधी चुनाव हारि चुकल छथि। हुनका आब चुनाव नहि लड़बाक चाही।

———————————————————————

आइ भगवान बिरसा मुंडा के एक सय पचीसम पुण्यतिथि अछि। हुनका धरती आबा के नाम सँ सेहो जानल जायत अछि। बिरसा मुंडा शोषणकारी औपनिवेशिक व्यवस्था के विरूद्ध आंदोलनक नेतृत्व कयलनि आ ओ आदिवासी समुदाय सभक अधिकार आ सम्मानक लेल लड़ाई लड़ने छलाह।

———————————————————————

राजद केन्द्र सरकार द्वारा घोषित जातीय जनगणना करेबाक निर्णय पर प्रश्न उठौलक अछि। पार्टी प्रवक्ता मनोज झा कहलनि जे केन्द्र सरकार जातीय जनगणना के नाम पर लोक सभ के भ्रमित कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

वैशाली जिलाक लालगंज के प्रखंड विकास पदाधिकारी नीलम कुमारी के निगरानी जांच ब्यूरोक टीम बीस हजार टाका रिश्वत लैत गिरफ्तार कयलक अछि। संगहि हुनक वाहन चालक के सेहो गिरफ्तार कयल गेल अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार गिरफ्तार बीडीओ शिकायतकर्ता सँ प्रधानमंत्री आवास योजना के लाभ दियेबाक नाम पर अपने चालक के माध्यम से घूस लऽ रहल छलीह।

———————————————————————————

प्रदेश मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार उच्चतम आ न्युनतम तापमान मे एक डिग्री सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरिक वृद्धि भेल अछि। राजधानी पटना सहित कतेको ठामक उच्चतम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस सँ ऊपर दर्ज कयल गेल। पछिला चौबीस घंटा मे गोपालगंज आ डेहरी के उच्चतम तापमान चालीस दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल जे राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल। एम्हर, आइ गोपालगंज मे लू के स्थिति बनल अछि। ओतहि राज्यक उत्तर–मध्य, उत्तर–पश्चिमी आ दक्षिणी हिस्सा मे कतेको ठाम गर्म दिवस के स्थिति बनल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला दू दिनक दरमियान तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि।

———————————————————————————

समाप्त